ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№150 (23.058) • 2015 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 5, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**«2016 гъэм Урысей псом и мэкъумэш ІэнатІэр къыхэтхыкІыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щегъэкІуэкІыным и Іуэхуфі»**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и унафэм зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхуфі**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«2016 гъэм Урысей псом и мэкъумэш Іэнатіэр къыхэтхыкІыныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэм щегъэкІуэкІыным и Іуэхуфі» 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Унафэ №53-м зэхъуэкІынигъэ хэлъхьэн икІи абы и пункт 2-р мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын:

«2. Ирата полномочиехэр гъэзэщІэнымкІэ жэуапыр бгъэдэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров Сергей Анатолий и къуэм.».

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м*
*№83-РГ*

## Дыгъуасэ КІуэкІуэ Ю. А. Москва щыхуэзащ «Мортон» ухуакІуэ компание гупым я президент Ручьев А. В.

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ Москва щыхуэзащ Урысейм и ухуакІуэ Іуэхущ1апІэ нэхъ ин дыдэу щым языхэз «Мортон» компанием и президент Ручьев Александр.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ республикэм и коммуналь1э І1натІэм и инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэжьным, псэупІэхэр нэхъ щІэгъэхуэбжьауэ ухуэнымкІэ хэкІыпІэхэм. Апхуэдэу зэІущІэм къыщІэІатащ куэду зэтет унэхэм я «Налшык-Сити» хьэблэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щыхуэным пыщІа Іуэхуэхм. ЛъэныкъуитІми къыхагъэщхьэхуэкІащ технологие лъагэхэм япыщІа проектхэр пхыгъэкІын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым технопарк къыщыІэзэрагъэпэщ зэрыхъунур.

ЗэІущІэм хэтащ КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь1э хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор, «Мортон Капитал» жуэап зэхэсгъэщхьэхуэкІа зыхь зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Павлов Владимир сымэ.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

## Ди къуэш республикэхэм

### Унэ ират

АДЫГЕЙ. ***Зеиншэу, адэ-анэм я нэІэм щІэмыту къэна ныбжьыщІи 150-м мы гъэм фэтэр щратынущ унэщІэхэм.***

РЕСПУБЛИКЭМ и премьер-министр КІумпІыл Мурат зэрыжиІамкІэ, абы папщІэ къат куэду зэтет уни 3 яуху - зыр Мейкъуапэ, 2-р Тульскэ къуажэм ейуэ. Нэхьапэ1уэкІэ яуху унэхэм иджыри сабий зеиншэу 50-м папщІэ муниципалитетхэм фэтэр къыщащэхунущ.

Псори зэхэту мы гъэм фэтэр иратынущ чэзум хэт 435-м ящыщу 200-м. Абы текІуэдэну сом мелуан 206-м щыщу 190-р щыналъэ бюджетым, адрейр федеральнэм къыхэкІынущ.

### Президентым и хъуэхъу

***Адыгэ Республикэм и пенсионерхэу илъэс 90-м нэсахэу, абы щІигъуахэу 28-м Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир мы мазэм кьехъуэхъунущ.***

МЫ НЭХЪЫЖЬЫФІХЭР Хэку зауэшхуэм хэтащ. УФ-м и Пенсэ фондым и къудамэу Адыгейм щыІэм хабзэ дахэ щыхъуащ зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуахэм, абы щІигъуахэм егуэпэнщ. Абыхэм йохъуэхъу къудамэм и Іэтащхьэ Къул Аскэрбийрэ къыдэлажьэхэмрэ.

### ЩІэкІэ зэрахъуэкІ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей псом щынэхъ ин дыдэ обсерваториеу Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэм и телескопым и гъуджэр щІэкІэ зэрахъуэкІащ.***

АРХЪЫЗ Ищхъэрэ поселкэм щыІэ РАН-м и астрофизикэ обсерваторие хэкам къыщагъэІэрэщІэжащ Урысейм щынэхъ ин, дунейм псом нэхъ ин дыдэу щыІэхэм ящыщу, тонн 60 хъу телескопым и гъуджэр. Абы екъэІа лэжьыгъэхэр оптикэ системэ псор зэтеухуэнымкІэ яухынущ.

### МВД-м и лэжьакІуэхэм папщІэ

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъШР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм папщІэ къат куэду зэтет унэ Къэрэшей-Шэрджэсым ухуэн щыщІадзащ.***

КъШР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм папщІэ Черкесск къалэм щаухуэну унэм и лъабжьэм щагъэтІылъащ къэкІуэну щІэблэм зэрызыхуагъазэр зэрылъ капсулэр. А Іуэхугъуэ гуапэм къурихьэлІащ КъШР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ Кьардэн Мурат, республикэм щыІэ МВД-м и унафэщІэр, дин Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр, унэщІэм щыпсэунухэр.

Псалъэм кьыдэкІуэу жыпІэмэ, 2013 гъэм полицейскэм щхьэкІэ унэ ящуауэ щытащ. Иджы зи лъабжьэ ягъэІылъа етІуанэр 2016 гъэм ухуэн яухыну я мурадщ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

● Сабий садхэр

# ГъэсапІэщІэхэм къахохъуэ

**Прохладнэ къалэм сабий садыщІэ къыщызэІуахащ. А Іуэхугъуэм ехьэлІа гуфІэгъуэ зэхьхьэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий, республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналь1э хозяйствэмкІэ и министр Тутыкъу Анзор, Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и унафэщІ Кладько Игорь, еджапІэщІэ-гъэсапІэщІэм щылэжьэнухэмрэ адэ-анэхэмрэ.**

ГУФІЭГЪУЭ пэкІер зыгъэдэха сабий цыкІуэхэм уэрэд жаІэу, ухуэныгъэщІэм и гупэ кьыт пщІантІэм деж хьэщІэхэм щыгъуПастэкІэ къащыпежьащ зэхьхьэр кьыззэгъэпэща егъэджакІуэхэмрэ гъэсакІуэхэмрэ.

Мусуков Алий кьалэдэсхэм екъуэхъуащ сабий садыщІэ яІэ зэрыхъуамкІэ, нобэрей пщалъэхэм кьиТІасэ унэ дэгъуэр, я гуи я пси етауэ яхуэзыхуахэми фІыщІэ яхуищІащ.

- 2014 гъэм, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм папщІэ республикэм кьащыпхьащ Іуэхущ1апІэщІэхэмрэ абы ипэкІэ щыІахэм зэрызедгъэубгъуамрэ я фІыщІэкІэ, сабий гъэсапІэхэм ирашалІэ ныбжьыщІэхэм я бжыгъэр 3175-кІэ нэхъыбэ тхуэщІащ. Гъэ дыззэрытым хьэриубыдэу зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэхэм щыдиІэну сабий Іыгъыпі1эхэр иджыри 1090-кІэ нэхъыбэ тщІыну ди мурадщ, - жиІащ Мусуковым.

Ди республикэм фІагъ ІыгъэкІуэ социальнэ ухуэныгъэхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъур зэрыщыгъуфІыкІ хъуну Іуэхугъуэу зэрыщытыр къыщыхагъэщащ Тутыкъу Анзоррэ Кладько Игоррэ я къэпсалъэныгъэхэми.

- Прохладнэ къалэр зэраухуэрэ илъэс 250-рэ зэрыхъур мазитІ дэкІмэ дгъэлъэпІэнущ, - жиІащ Кладько Игорь. - Мы тыгъэ екІур а махуэм зэрырагъэхьэлІари дэркІэ гуфІэгъэушхуэщ. Шэч къытетхьэркъым еджапІэщІэ-гъэсапІэщІэм адэ-анэхэри сабийхэри зэрыщыгуфІыкІым.

- Дэ, балигъхэр, дыщІэпсэужри, мыпхуэдэ Іуэхуэхм дыщІыхэтри къытщІэхъуэщІэблэращ, - жиІащ кІэлъыкІуэу псалъэ зыльыса, 7-нэ сабий садыщІэр зэгъэщІыпІа курыт еджапІэ №1-м и унафэщІ Мэшыл Еленэ. - НыбжьыщІэхэм я дыхьэшх макъым гъащІэм зэрыпищэр къридощІэ. Сыхуейщ, ди сабийхэм нэжэгужагъэмрэ гукъыдэжьымрэ я нэгум кьищу, абыхэм даІуплъэмэ, дэри ди гур хэхьуэу куэдрэ дыпсэуну! Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу мы ухуэныгъэр хьэзыр зэрытхуащІам щхьэкІэ республикэм и Правительствэми, район, къалэ администрацэхэм я унафэщІхэми фІыщІэ яхудощ.

Къатитіу зэтет унэщІэм и щІыхьэпІэм щаукъуэдиІа кІапсэ плъыжьыр гуфІэгъуэщІыкІэм тету зэпаупщІа иужькІэ, хьэщІэхэр ухуэныгъэщІэм щІыхьащ. Гъэщхьэ зыхуащІам, щІыкІуэхм щмдрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэр зыхуэдэм зэхэщІыкІыгъуэ я гугъу ищІащ гупым гъэзугъэлъагъуэ яхуэхъуа, сабий садым и унафэщІ Горисславская Маринэ. УхуэныгъэщІэм зыщцызыплъыхьэм гъэщІэгъуэн ящыхъуащ компьютерхэр зыщІэт, сурэт щІыкІэм щыхурагъэсэну тІэшхэр, пщэфІапІэ Іэхуитлъэхуитым щыгъэува иджырей хьэкуэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ, ерыскъыхэкІэр щахьуэмэну щІыІалъэ инхэр, зыхуеину псомкІи къызэгъэпэща зыгъхьащІыпІэ, зыгъэпскІыпІэхэр, нэгъуэщІхэри.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

● Аруан щІыналъэ

# Зэкъуэту йолэжь

**Къэхъун къуажэм бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуегъэхьэзыр.**

ХЭТКІИ щэхуэкъым жылагъуэдэсхэм помидор гъэкІынырэ я фейдэ хэхьпІэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Абы кьыхэкІыу кьуажэ унафэщІхэм губгъуэ лэжьыгъэр кІэзыхьэлІэхэр зыхуеину псымкІэ нэсу кьызэрагъэпэщ. Мы зэманым псыр кьызэрыщІаш насосхэр яхъуэж, уней хадэ зыщІэхэми бэджэндырылажьэхэми тхьэусыхафэ ямыІэн хуэдэу.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Щэрмэт Мухьэмэд щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, къуажэдэсхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ Іуэхугъуэ щхьэхуэхэри зэфІахащ: къуажэкхъэхэр ягъэкъэбзащ, илъэси 10 - 15 лъандэрэ пхъэнкІий идзыпІэу щыта щІыпІэ зыбжанэ ягъэсеящ.

«Дэ ди закъуэкІэ Іуэхур зэфІэкІынутэкъым, техникэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуэй дыхъуати. Сыт щыгъуи хуэдэу, Аруан щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмат къыззэрыддэІэпыкъуным хэтащ», - жиІэ Щэрмэтым.

ПсэукІэр егъэфІэкІуэным теухуа лэжьыгъэм адэкІи пащэнущ, икІи ар къуажэдэс псоми кьыдаІыгъыну мэгугъэхэр.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Май щІыналъэ

# Гъуэгухэр яухуэ

**КъБР-м гъуэгу хозяйствэмкІэ и Управленэм къыщэритамкІэ, «Майский - Урожайное» федеральнэ гъуэгур зыхуей хуагъазэ.**

ОСЕТИЕ Ищхъэрэ-Аланием и гъунапкъэхэм екІуэлІэ мы гъуэгу Іыхьэм йолэжь Аруан щІыналъэм и гъуэгуфхэу Іуэхущ1апІэр.

Мы зэманым асфальтбетоныр егугъуу, иджырей мардэхэм тету тралъхьэ километр 28-рэ зи кІыхьагъ гъуэгум.

Абы гъуэгу дамыгъэхэр трагъэувэнущ, иратхъэнущ, кьэухьэхэр ягъэувынущ. Лэжьыгъэ псори жэпуэгъуэм и кІэм нэсыху зэфІахыну я мурадщ. ДРСУ-р зыхуеину техникэ зэхъэхэмкІэ тэмэму кьызэгъэпэщащ. Лэжьыгъэр зы махуи зэпыуркъым.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

# Бжьыхьэсэ гуэдзыр Іуахыж

**Дзэлыкъуэ щІыналъэм хэгъуэр и гуащІэгъуэу щокІуэкІ.**

«ПСЫНЭДАХЭ» мэкъумэш предприятэм бжьыхьэсэ гуэдзыр щІидзауэ Іуехыж. Абы куэдкІэ къыкІэрыхуркъым ЯтІэкъуэм и бэджэндырылажьэхэри. Дыгъэри уэшхри и чэзум зыгъуэта гъавэр бэвщ, зы гектарым хуэзэу центнер 40 - 45-рэ къыгъэзых къахокІ. Мы гъэм псы кІыуамрэ уэ зыхэлъ уэлбанэмрэ а щІыналъэм ярита хэщІыныгъэхэри мащІэкъым, ауэ дунейм и къэхъукъащІэхэми емылъытауэ, мэкъумэшыщІэхэр хущІокъу я лэжьыгъэр псыхэкІуадэ зэрымыхъуным. Апхуэдэу щІыналъэм и «Агро-К» ООО-м иджыблагъэ хьэпщІийр Іуихьжащ, зы гектарым центнер 34-рэ къыгъэкІыу.

Хуабэ дыдэу екІуэкІ мы махуэхэм гъавэр храхьэлІэж Дзэлыкъуэкъуажэм и мэкъумэшыщІэхэми. Абыхэм ящыщу илъэс куэд хъуауэ хьэцэпэщэр зыщІэхэм я нэхъыбэм куэд-мащІэми езыхэм я мэкъумэш техникэр яІэжщи, хэгъуэр тыншу кьрахьэлІэ. ЗимыІэхэми бэджэнду кьащтэ е зыбжанэу зэгуохьэри, Іуэхур и чэзум эфІагъэкІ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

### Дзыхь зэрыхуамыщІыр къагъэлъагъуэ

**Швецием и лыкІуэу Урысей Федерацэм щыІэр ди къэралым зэрырагъэкІыжар хэІущІыІуящІащ.**

«Пэжщ, УФ-м Нэгъуэщі къэрал Іуэхуэхмкіэ и министерствэм Швецием и дипломатыр ди къэралым иригъэкІыжащ. Апхуэдэу щІэтщІар Швециием и унафэщІхэм Урысейм и посольствэм и лэжьакІуэр апхуэдэ дыдэу Стокгольм иджыблагъэ къызэрыдагъэкІыжарщ», - щыжеІэ УФ-м и МИД-м и хъыбарегъащІэм.

Дызэрыщыгъуазэщи, тІасхъэщІэх лэжьыгъэ иригъэкІуэкІыу шэч къыхуащІауэ арат ди дипломатым. Езыхэм я лыкІуэми дзыхь зэрыхуамыщІыр къагъэлъагъуэу аращ.

### Гъунапкъэхэр егъэбыдэ

**Украинэм щыІэ щытыкІэм игъэгузэвауэ, абы хуиІэ гъунапкъэр егъэбыдэ Белоруссием. А къэралхэм я гъунапкъэр километр 1084-рэ мэхъу.**

«Дэ набдзэгубдзапІэуэ дыкІэлъоплъ ди гъунэгъу къэралым къыщекІуэкІхэм. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, илъэсиТым нэблагъауэ абы зэхъуэкІыныгъэфІэхэр къыщыхъуркъым. Украинэм Іэщэ зиІэхэр нэхъыбэ щохъу, абы кьыхэкІыу ди щІыхэхэм щынагъуэ къатехьэныр зыхуэІуэ щыІэкъым. Аращ гъунапкъэр гъэбыдэным гулыітэ хэха мы зэманым щІыхуэтщІыр», - жиІащ Белоруссием щынагъуэншагъэмкІэ и советым и унафэщІ Зась Станислав.




♦**Светофорым и дунейпсо махуэщ.** 1914 гъэм США-м щыщ Кливленд къалэм щыфІадзащ икІи къагъэсэбэпу щыхуежьащ япэ светофорыр.

♦1941 гъэм Одессэ къалэр фашист зэрыпхъуакІуэхэм ящыхъумэжыным теухуа зауэм щІидзащ.

♦1963 гъэм ядернэ Іэщэр хьэуам, хьэршым, псы щІагъым щыгъэунэхуныр мыдэным теухуа Зэгурыіуэныгъэм Іэ традзащ.

♦1967 гъэм «Пинк Флойд» инджылыз рокгуп цІэрыІуэм и япэ альбомыр къыдэкІащ.

♦1975 гъэм Тюмень - Сургут гъущІ гъуэгур ятащ.

♦1996 гъэм Урысейм къыщащтащ президент властым и дамыгъэхэр - УФ-м и Президентым и бэракъыр, Президентым и Нагъыщэр, Урысей Федерацэм и Конституцэр, къэралым и Президентым папщІэ щхьэхуэу къыдагъэкІар.

♦Урыс сурэтыщІ-живописец цІэрыІуэ **Репин Иван** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Франджы тхакІуэ **Гиде Мопассан** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

♦Композитор, генералмайор, СССР-м и цыхубэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Александров Борис** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хьаний Кирон** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыхь зиІэ и артист, КъБР-м и цыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

## ПІастэгъажьэ зиужьыжащ.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

# МафІэм имыс

**Іуащхьэмахуэ лъапэ щаутІыпща «Къэббалъкъгипс» заводым кІуэ пэтми зеужь икІи мыбы къыщІигъэкІ пкъыгъуэхэм щІэупщІэ щаІэщ Урысейми Къухьэпі1э Гъунэгъуми.**

МЫ ІУЭХУЩІАПІЭМ игъэхьэзыр гипсыр нэхъ хэплъыхьахэм хабжэ: цІыхум и узынщагъэм зэран хуэхъун пкъыгъуэ хэлъкъым, хьэуар хъарзынэу зэрыпхыкІым и фІыгъэкІэ, абыкІэ хращІыкІа унэ кІуэцІхэм хуиту ущобауэ.

Иужьрей илъэс зыбжанэм заводыр ядолажьэ европей техническэ Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэм. Апхуэдэ зэпыщІэныгъэм и фІыгъэкІэ, мыбы и ІэщІагъэлІхэм Іэмал ягъуэт гипс хьэжыгъэ лІэужьыгъуэщІэхэр ягъэхьэзырыну. «Къэббалъкъгипсым» езым и къыщІэхьыпІэ иІэжщ.

ИджыкІэ заводым къыщІигъэкІхэм ящыщу щІэупщІэ нэхъыбэ зиІэхэр къеббжэкІмэ, ахэр мафІэм имыс панелхэрщ, блэн зэхуакухэм драгъэубыдэ, зи кур нэщІ плитэ гъэжаэрщ, штукатур зэращІ гипс хьэжыгъэрщ.

Заводым и унафэщІхэр ипэкІэ мапІэ, иджырей Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр къагъэсэбэп икІи хущІокъу зэманым хэзагъэу зэрылэжьэным.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

# Украинэм и ипщэ-къуэкІыпІэ щІыналъэм щыщ сабийхэм папщІэ

Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу УФ-м и Президентым и деж щыІэ Астахов Павел Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм фІыщІэ кьахуищІащ «Новороссием щІэныгъэмкІэ и махуэ» псапащІэ Іуэхур зэрыдаІыгъам папщІэ. КъБР-ри жыджэру хэтащ Донецкрэ Луганскрэ я сабийхэм зэрадзэІэпыкъун хьэпшыпхэмрэ тхьилъхэмрэ зэхуэхьэсыным.

«2015 гъэм фокІадэм и 1-м ирихьэлІэу а щІыналъэм щыщ сабийхэу зауэм и зэран зэІахэм зыхуеину тхьилъхэр, зэрытхэ Іэмэпсымэхэр, тыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр я1эрыхьэнущ. Ахэр Урысей псом щызэхуахьэсащ. «Новороссием щІэныгъэмкІэ и махуэм» хиубыдэу мы гъэм школым щІэтІысхьэ сабийуэ Донецк щыщу мин 15-м, Луганск щыщу мини 8-м ядэІэпыкъуну», - къыщыгъэлъэгъуащ Астахов Павел къыгъэхьа телеграммэм.

***КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.***

## Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ щІыхуэхр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Зэіущіэхэр

# Дэтхэнэ зы Іуэхугъуэри

**Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм дыІэрыт илъэсым и япэ мазихым я лэжьыгъэм къырикІуахэр щыІэзэхалъхьэжащ абы и коллегием. ЗэІущІэм хэтащ министерствэм и къулыкъухэмрэ Іэнатіэхэмрэ, къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ щыналъэ органхэм я унафэщІхэр, МВД-м и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Шахмурзаев Заурбэч, Урысей МВД-м и Краснодар университетым Іэщіагъэм щыхагъахъуэ и Кавказ Ищхъэрэ институтым (Налшык къ.), Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м и прокуратурэм я унафэщІхэр.**

ЗЭІУЩІЭР къыІэІуихащ къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министру КъБР-м щыІэ, полицэм и генерал-майор **Ромашкин Игорь**. Іэнатіэм и Іэтащхьэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ илъэс ныкъуэ лэжьыгъэм къырикІуахэм, зэман кІэщІым къыриубыдэу унафэ зыгъуэтыпхъэ къалэнхэм.

Коллегием и зэІущІэм къыщыІэта дэтхэнэ зы Іуэхугъуэми теухуа унафэ къащтащ. Министрым къыхихигъэщащ унафэхэр гъэзэщІэныр зи пщэ къыдэхуэ къулыкъущІэхэм жэуаплныигъэ яхэлъу Іуэхум бгъэдэтын зэрыхуейр.

Шахмурзаев Заурбэч къыщыпсалъэм къыхихигъэщащ цІыхухэм хабзэхъумэ Іуэхущіапіэхэм дзыхь зэрыхуащІым иужь зэманым зэрыхэхъуар.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и УнафэкІэ Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ щыналъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, полицэм и полковник Батаев Муслим къратащ «Хэкум и пащхьэм щІыщІэм папщІэ» орденым и етІуанэ нагъыщэм и медалыр. ОМВД-м и полицэм и унафэщІым и къудзэ Макитов Арсен - «Жылагъуэ хабзэр хъумэным къызэрыщыхэжаныкІам папщІэ» медалыр.

Республикэ МВД-м и лэжьакІуэ гупым мы зэІущІэм щратыжащ Урысей Федерацэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр Колокольцев Владимир къыбгъэдэкІ дамыгъэхэр, щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.***

# ЗЭЗЫГЪЭКІУЖ СУДЫЩІЭР ТЫНШКЪЫМ

**Пэублэу хэплъэн папщІэ, мы гъэм и япэ мазихым КъБР-м и зэзыгъэкІуж судыщІэхэм Іуэху 47808-рэ къратащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ 1279-кІэ е проценти 2,6-кІэ нэхъ мащІэщ. Япэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьахэм ящыщу 43906-м хэплъэн яухащ: 509-р уголовнэ, 24414-р граждан, 18983-р административнэ Іуэхущ.**

ЗЭЗЫГЪЭКІУЖ судыщІэм ику ину мазэ къэс уголовнэ, граждан, административнэ Іуэхуу 181,8-рэ зэпкърихащ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ Іуэхуи 4,8-кІэ е процент 2,5-кІэ нэхъ мащІэщ.

Япэ мазихым уголовнэ Іуэхуу 662-рэ къаІэрыхьати, 509-р и кІэм нагъэсащ. Ар гъэ кІуам и япэ илъэс ныкъуэм зэрыхъуам процент 13-кІэ щІегъу.

Абыхэм ящыщу:

- 312-м я теуухуауэ зыхуэфащэ унафэ къащтащ;
- 176-р зэхуащІыжащ;
- 17-р зэхэзыгъэкІыпхъэ судхэм е зэхьэлІа Іуэхущіапіэхэм ираташ;
- зыр илужьамкІэ жэуап зымыхьыфынум хуэгъэзза унафэщ.

ЗыкъэпІэ Іуэхуэхэмкіэ ягъэкъуантшэхэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 5,3-кІэ нэхъ мащІэщ. ЦІыху 513-м ящыщу 8-р хейуэ къалъытащ, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэмкіэ Іуэхуи 183-рэ зэхуащІыжащ, зэрыжьмыхуаншэм къыхэкІыу зыр яутІыпщыжащ, илужьамкІэ жэуап зымыхьыфынУ щІыхум хуэгъэзауэ унафэ пыухыкІа къащтащ, хэплъэжьи щхьэкІэ цІыхущІым я Іуэхур прокурорым яратыжащ.

Мы гъэм и япэ мазихым цІыху 303-м я судыр ящІащ. Ар илъэс кІуам и апхуэдэ зэманым елъытауэ 24-кІэ е процент 7,3-кІэ нэхъ мащІэщ. Абыхэм ящыщу 74-р амнистиекІэ, 2-р нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэмкіэ яутІыпщыжащ.

СтатьякІэ къапщтэмэ, гъэпцІагъэ зезыхьахэм яхуэгъэзауэ Іуэху 17, экономикэ щІэпхъаджагъэ зыІэжьахэм ехьэлІауэ 6, цІыхум фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр тезыдзахэм, ар бэлІыхь хэзыгъэтахэм ятеухуауэ Іуэхуи 3 къызэІуахащ (УФ-м и УК-м и 159-нэ, и 169 - 199.2-нэ, и 113-нэ статьяхэр).

Бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, илъэс ныкъуэм кърибыдэу щІэпхъаджагъэу ялэжьар нэхъ мащІэ хуауащ. Зи къару илъыгъуэу, мылажьэу, емыджэу (зэпымыууэ хэхъуэ зимыІэу) цІыху 92-м, нэхъапэм щысахэу (щхьэщаха суд унафэхэмрэ япшынахэмрэ хэмыту) 56-м, Іэнатіэншэу 44-м, цІыхуб 43-м, ефауэ 18-м, наркоману 2-м мазих кІуам хьэгъэщагъэ зэрахьащ. Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, тІукІэ, пщыкІуб1кІэ, плІыщІрэ плІыкІэ, плІыщІрэ щыкІэ, тІощІкІэ, тІукІэ ахэр нэхъ мащІэщ.

Дыгъуэрэм, мурад гуэркІэ цІыхум фэбжь мыхьэлъэ тезыдзэхэм, судыщІэхэм, къэхъуар пэублэу зэхэзыгъэкІхэм, властым и нагъуэщІ лЫкІуэхэм лей кІэлъыІэзыхьхэхэм яхуэгъэзза Іуэхуэхэр нэхъ мащІэ хъуащ. Апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэм ильэс ныкъуэм процентн 10-кІэ, зы процентрэ пщІанитхукІэ, процент 83-кІэ кІэрыхуащ.

Зи гугъу тщІы зэманым кърибыдэу зэзыгъэкІуж судыщІэхэм цІыху 37-рэ пІалъэ пыухыкІакІэ ягъэтІысащ;

- 15-м я хуитыныгъэр ягъэмэщІащ;
- цІыху 17 фІэкІыпІэ зимыІэ лэжьыгъэм ирашэлІащ;
- 96-м я къуаншагъэр лэжьыгъэкІэ ягъэзэкІуэжьинущ;
- 23-рэ условнэу ягъэтІысащ;
- цІыхуи 8-м нэгъуэщІ тезырхэр условнэу тралъхьащ.

Хэплъэн папщІэ, зэзыгъэкІуж судыщІэхэм кърат граждан Іуэхуэхэм япэ илъэс ныкъуэм къахэхуащ икІи 25952-м нэсащ. Ар гъэ кІуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ 1710-кІэ е проценти 6,5-кІэ нэхъыбэщ. Уголовнэ Іуэхуу 24414-м хэплъащ. А бжыгъэр нэгъабэ и япэ мазихым зэрыхъуам 1915-кІэ щІегъу.

Граждан Іуэхуу къаІэрыхьэми хэхъуащ. Апхуэдэщ псэупІэм хуэзэ коммунальнэ уасэхэм, хуабэм, токым пэкІуэхэм, налогрэ нэгъуэщІ ахъшэу цІыхухэм ятехьэр къыхэхыным, нэчыхыкр къутэжыным, сабийхэр зэрапІну алиментхэр кьеІыхыным ятеухуа искхэр. Ахэр, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, 10395-рэ, 6406-рэ, 1047-рэ, 654-рэ мэхъу. А бжыгъэхэр илъэ ита илъэсым и апхуэдэ зэманым елъытауэ процент 27-кІэ, процент 8-кІэ, проценти 10-кІэ, проценти 5-кІэ нэхъыбэщ.

УФ-м и Пенсэ фондым халъхьэн хуей ахъшэр къеІыхыным, улахуэр суд унафэкІэ ирегъэтыжыным ятеухуа искхэр процент 14-кІэ, процент 54-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Зи гугъу тщІы зэманым кърибыдэу апхуэдэ Іуэхуу 2058-рэ, 336-рэ къаІэрыхьащ.

Административнэ Іуэхуэхэм процент 12-кІэ кІэрыхуащ. Ахэр 21194-рэ мэхъу. ЦІыху 18983-м я Іуэхуэхэр зэхагъэкІащ. Нэгъабэрэм елъытауэ а бжыгъэр процент 16-кІэ нэхъ мащІэщ.

Гъэсэгу хабзэхэр къызэрызэпаудым теухуауэ тхьилъ кУэд зэпкърахащ. Апхуэдэщ къыхуэкІуэ транспортым и гъэгум зэрытехьэр - Іуэху 2998-рэ, ефауэ рулым зэрытІысыр - 1718-рэ, зэрефар зэхагъэкІын папщІэ хуагъэувкэр зэрамыгъэзащІэр - 1379-рэ, хуит зыщІ тхьилъ ямыІэу транспортым зэрыдэсыр - 606-рэ, хуабжьыІуэу зэрызекІуэр - 182-рэ, гъэгу зэхэкІыпІэхэм хабзэр къызэрыщыІэпаудыр - 138-рэ, зы лъэныкъуэ гъэгум шынагъуэ къызэрыщагъэхъур - 74-рэ, къэралым имытха дамыгъэ нэпцІкІэ зэрызекІуэр - Іуэху 477-рэ.

Къэралым зрамыгъэтхауэ е хуит зыщІ тхьилъ ямыІэу хьэрычэт лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІхэм яхуэгъэзза Іуэхуу 1584-рэ зэпкърахащ. Ахэр нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм зыхэплъам процент 31-кІэ щІегъу. Наркотик щхьэхъэхэр е хущхъуэ гуащІэхэр дохутырым и ІизынІэу зэзыхьалІэхэм я Іуэхуу 182-рэ и кІэм нагъэсащ.

ЦІыху 14955-рэ жэуапым ирашэлІащ. Абыхэм ящыщу 222-р Іэнатіэ унафэщІщ, 250-р кулыкъущІщ, 45-р хуэфащэ щІэныгъэ ямыІэу хьэрычэт лэжьыгъэм хэтщ, 14438-р цІыху къызэрыгуэкІщ.

ЦІыху 12372-м етхьэкъуащ, 1188-м я мылъкур яубыдащ, 839-м я социальнэ хуитыныгъэр щхьэщахащ, 528-р фІэкІыпІэ зимыІэ лэжьыгъэм ирашэлІащ, 28-м я къуаншагъэр тхьилъкІэ гурагъЫуащ.

***КъБР-м и Зэзыгъэкіуж судыщІэхэм я лэжьыгъэр къыззэыгъэпэщ Іуэхущіапіэ.***

Гъубжокъуэ Юрэ

● Пресс-конференцхэр

# Езыхэм я къарукІэ

**«Кавказ Ищхъэрэм и щыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ компание» акционер обществэ зэІухам («МРСК СК» ОАО) и Къэбэрдей-Балъкъэр къащхьэм бадзэуэгъуэм и 30-м щызэхэта пресс-конференцым мы илъэсым и япэ мазихым зэфІагъэкІахэр щызэхалъхьэжащ.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Гъубжокъуэ Юрэ къызэрыгъэлъэгъуамкІэ, ремонт программэр проценти 101-кІэ ягъэзэщІащ. Я къарукІэ ирагъэкІуэкІа а лэжьыгъэм сом мелуан 40-рэ мин 838-рэ халъхьащ. Псори зэхэту тек1уа-пІэу element 183,5-рэ зэрагъэпэщкІащ. Илъэс ныкъуэм къриубыдэу киловольти 110-м хузщІа узгу линэу километр 50,8-рэ ремонт ящІащ, километр 50-м я щытыкІэр къапщытащ. Ахэр къапэщытам щІегъу. Апхуэдэ киловольт зрикІуэ линэхэр зыхуэзэ щІыпІэу гектар 20,1-рэ ягъэкъэбзащ, кІапсэу километри 2,45-рэ, уафэгъуэгъуэм зэрыпэщІэт трису метр 200, изолятору 828-рэ, зы гъущІ пкъо яхъуэжащ. А лэжьыгъэхэр щызэфІагъэкІащ «Псыгуэнсу - Къэщхьэтау», «Бахъсэн-330 - Бахъсэн-110», «ПТФ - Аушыджэр ГЭС», «Бахъсэн ГЭС - ЦРУ», «СКЭП - Телемеханика», «Прохладнэ-2 - Налшык» линэхэр щыкъуэздия щІыпІэхэм.

Киловольт 58-рэ щызэблэкІ «Прохладнэ-1 - Новэ-Потавскэ», «Крем-Константиновскэ - ГЭС-3», «Советскэ - Къарэ Су», «Пашынкъей - Шэджэм Ищхъэрэ» уэгу линэу километр 60-м я щытыкІэр къапщытащ, километр 14,5-рэ я къарукІэ къызыхуэтыпшэу зэрагъэпэщыжащ, кІапсэу километри 2,5-рэ, изолятору 192-рэ яхъуэжащ, зэран хъу жыгъэр ирахащ, чыцэхэр ягъэкъэбзащ. Киловольти 6 - 10-хэм ятещІыхьа пкъохэр километр 58,4-м щызэрагъэпэщыж. Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэджэм, Май, Щэрэдж, Аруан, нэгъуэщІ РЭС-хэм я энергетикхэм гектар 11,1-м жыгъэр щаухъуэнщІащ, кІапсэу километр 52,6-рэ, токым щызыхъумэ изолятору 872-рэ, пкъоуэ 116-рэ яхъуэжащ. Киловольт пщІанилп1 къыщагъэсэбэп линэхэм я щытыкІэмки зэпы-мыууэ кІэлъэплъ. Апхуэдэу километр 59,8-рэ зэрагъэпэ-щыжащ, кІапсэу километр 55,7-рэ, изолятору 861-рэ, пкъоуэ 119-рэ зэрахъуэкІащ.

- Подстанцхэм я энергооборудованэжр зэгъэпэщыжыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэдгъэкІащ. Къапщтэмэ, зи гугъу тщІы зэманым кърибыдэу киловольти 6 - 10-м ятещІыхьа, дагъэкІэ лажьэ зэрыІуач Іэмэпсымэу 41-рэ ремонт тщІащ. Прохладнэ, Бахъсэн, Шэджэм, Аруан, Дзэлыкъуэ, Тэрч, Май щыналъэхэм щыІэ подстанцхэм а лэжьыгъэр щедгъэкІуэкІащ. Жьы хъуа пкъыгъуэхэр, дагъэр тхъуэжащ, тэмэму зэтедухуащ. Мы гъэм и кІэ пщІондэ иджыри 85-рэ ремонт тщІынущ. КъищынэмыщІауэ, киловольти 110-рэ я лъэщагъыу 5, киловольти 5-м хузщІам хуэдэу 35-рэ къызыхуэтыпшэу зэдгъэпэщыжынущ, - жиІащ Іуэхущіапіэм и унафэщІм. - Трансформатор подстанцхэм ящыщу 137-рэ зыхуэй хуэдгъэзащ, пкъыгъуэ лэжьакъэр тхъуэжащ, я щытыкІэм дыкІалъыпІлъащ, я лэжьакІэр дгъэунэхуащ, дигу зыхуэныкъуэкъэр дгъэтэмэмащ, дерт щыІэмэ, здгъэзэхуэжащ. Инвестицэ программэмкІэ къыптпэщытам щІедгъэгъуащ, абы пыщІа Іуэхуэхэр гъэзэщІэным сом мелуан 19,515-рэ хуэхтащ. А мылъкур «Налшык», «ПТФ», «Малкэ» подстанцэм я лэжьыгъэр зэкІалъэзыгъакІуэ Іэмэпсымэхэр егъэфІэкІуэным, абыхэм папщІэ связым и волоконно-оптикэ линэхэр (ВОЛС) ухуэным, технологиеХъыбархэр зэрызэІэпах системэ къызэгъэпэщыным хэтлъхьащ. Киловольти 110-рэ зэкІуалІэ «Нарткъалэ - Прохладнэ-1» подстанцымрэ киловольти 10 къэзыт «Солдатскэ» подстанцымрэ реконструкцэ дощІ. Апхуэдиз ток къарум тещІыхьа «Бахъсэнёнкэ» подстанцым дызэрелажьынум и проектыр дгъэхьэзыращ.

Гъубжокъуэ Юрэ къызэрыхигъэщамкІэ, сетхэм токыу щыкІуэдыр гъэмэщІэныр я къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу икІи абы и лъэныкъуэкІэ зэфІэкІ хъарзынэ яІэщ. ЕтІуанэ мазищым зытрауухуауэ щытар зрагъэхъулІащ, а зэманым къриубыдэу яфІэкІуэдар процент 13,58-рэщ. Илъэс ныкъуэр къапщтэмэ, нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ а бжыгъэр процент 0,94-кІэ нэхъ мащІэщ. Іуэхущіапіэм и унафэщІым зэрыжиІамкІэ, токышхуэ ядыгъу. Абы къыхэкІыу унагъуэхэмрэ Іэнатіэхэмрэ электрокъарур къызэрагъэсэбэп щыкІэр къапщытэ, щхьэзыфІэфІхэр къахутэ, электрокъарур учёт зэращІ Іэмалыр ирагъэфІакІуэ, къызэрыгъэкІ кІапсэхэр фэ зытелъым хуэдэкІэ яхъуэж. Сетхэм лейуэ щыкІуэд токыр ягъэмащІэн мурадкІэ, счётчикхэр унэ гупэм яхь, малъхъэдис (магнит) къарум щызыхъумэ пхъуантэхэм ирагъэувэ. Ящэ мазихым сом мелуан 12,26-рэ и уасэ е киловатт сыхьэт мелуани 5,04-рэ ядыгъуащ. Абы цІыху мин 27-м нэс щысэпу Шэрэдж щыналъэр мазищкІэ токкІэ къызэригъэпэщынут.

- «Шэджэмэнерго», «Хъеббалъкъюммунэнерго» МУП-хэм ильэс зыбжанэ хъуауэ ди щыхуэзышуэ ятельащ. ЗэгурыІуэныгъэхэр зэрамыгъэзащІэм, уасэхэр тэмэму къызэрыдамытым къыхэкІыу, аэр суд Іуэху дымыщІу хъурхъым. Ди компаниемк хабзэр къызэгъэпэщыныкІэ и къудамэм мы илъэс ныкъуэм иригъэкІуэкІа ики лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, сом мелуан 218,48-рэ а организацэхэм къеІытыхьажащ. Иджыри сом мелуан 225,4-рэ къыдатыжьи зэрыхуейм кІэ суд унафэ щыІэщ. ЩІыналъэ сетэ организацэхэм зэгурыІуэныгъэхэр зэрамыгъэзащІэм ди Іуэхур къелъахъэ, бжыхьхъэ - щІымахуэ лъэхъэнэм тэмэму зыхуэгъэхьэзырыным теухуа ремонт, инвестицэ программэхэм, цІыхуэхэмрэ Іэнатіэхэмрэ зэпымыууэ токкІэ къызэгъэпэщынным зэран хуохьу, - къигъэлъэгъуащ къудамэм и Іэтащхьэм.

Ар зэпкърихаях къыітеувыІащ къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр зымытхэм токыр зэрыпаубыд щыкІэм, абыкІэ зэтрагъэхьа щІыхуэр зыхуэдизым, ахэр къызэрыхахьи Іэмалхэм, я лэжьакІуэхэр егъэджэным, Іэщіагъэм хуэгъэсэным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІэм, я щІыхэм хуащІ гулъытэр зыхуэдэм, лэжьыгъэр дэкІыныкІэ нэхъыщхьэу къыпытхэм.

Я Іуэхущіапіэм мазихым зэхуэфІэкІар зэпкъриха нэужь, Гъубжокъуэ Юрэ журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**

● Мэкъумэш хозяйствэм и илъэсыр - Къэбэрдей-Балъкъэрым

# ГъавэгъэкІым и гуащІэмрэ щІым и Іэфімрэ

Алэкъей Инал

**ЕкъулІэныгъэ къызыдэкІуэр тегушхуауэ Іуэхур зыунэтІырщ, зыбгъэдэт Іэнатіэм и мыхьэнэр нэгъэсауэ зыхэзыщІэрщ, лэжьыгъэм кІэухыу иІэнумкІэ жэуаптакІуэу къэувыфырщ.**

А ПЩДАЛЪЭМКІЭ уфгъэдыхьэмэ, унафэщІ, Іэщіагъэлі Іэзэм, къызэгъэпэщакІуэ нэсым и нэщэнэ нэхъыфІэхэр зыдалъагъуэм ящыщщ Алэкъей Инал Паламашэ и къуэр.

Илъэсипщі и пэкІэ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм абы къыщызэригъэпэща «Албир» мэкъумэш кооперативыр республикэм щынэхъыфІхэм ящыщщ. Предприятэр Іэнатіэ куэдым йолажь: гъавэ ещІэ, жыг хадэ зэрехь, Іэщіра джэдкъаэрэ егъэхь. ЦІыІэ гугъуехьэм щхьэкІэ къэмынэу, и къалэнхэм хъарэзынэу йокъулІэ, и зэфІэкІым хегъахъуэ, пщэдеим нобэ йогупсыс. Техникэ и лъэныкъуэкІэ и Іуэхур зэпэщщ. Трактор зэмылІэужьыгъуэу 14-рэ комбайни 2-рэ иІэщи, гъунэгъу хозяйствэхэм ядоІэпыкъу.

Инал къызэрилъытэмкІэ, мыгъэрей мэкъумэш илъэсыр яхуэфІащ. Бжьыхьэсэ хьэр гектар 200-м щыІуахьжати, дэтхэнэми хуэзэу икІи иту центнер 36-рэ е тонн 65-рэ къыщІалъыкІащ. Мы мазухэм еужьэрэкІыу гуэдзыр кърахьэлІэж. Гектари 171-м щыщу 100-м щІигъу кІэрыхуншэу зэщІакъуэкри, гъавэ хэплъыхьауэ тонн 380-рэ гъущапіэм щагъэтІыльащ. Зэ къекІуэкІыгъуэм ику ину центнер 40 къытокІ.

Гектар 250-м щагъэкІа нартыхур хъуэпсэгъуэу къызэщІэуваци, абыи бэвгъышхуэкІэ щогугъ.

Мэкъумэш кооперативым и унафэщІыр и гъавэгъэкІхэм хуэарэзыщ. Гъэ къэси лэжьыгъэшхуэ кърахьэлІэ механизаторхэу Алохэ Тимур, Астемыр, комбайнёр Тумэ Хьэсэнбий, абы и дэІэпыкъуэгъу Борсэ Залым, шофёрхэу Хьэмыкъуэ Атмир, Къарэмызэ Хьэдис сымэ.

Дагъэгъэсыныпхъэхэмрэ щІыгъэпшэрхэмрэ лъапІэми, хозяйствэм абы хэкІыпІэ къыхуегъуэт - Урысейм и Мэкъумэш щІ банкым и щІыхуэкІэ къегъэсэбэп, къыІихыр и пІалъэм хельъхьэ. Пэжщ, мэкъумэшхэкІэм хуэфащэ уасэ зэрамыІэм, ипэжыпІэкІэ хуэзэр иджыри зэрымыналуэм гугъуехь щхьэхуэхэр кьешэ. Арами, зэманым къигъэувхэм Іуэхуфікіэ пдджэжу, «Албир» СПК-м зэпІэзэрыту зеужь. Ар зи фІыщІэри, зыдалъагъурри коперативым и тхьэмадэ Алэкъей Иналщ.

**АРУАН Алий.**

Борсэ Залымрэ Къарэмызэ Хьэдисрэ

● Бахъсэн щІыналъэ

Сыжажэ Хьэсэнрэ Сосналы Анатолэрэ

# ЦІыху щыпкъэ Сосналы Анатолэ

**Бахъсэн щІыналъэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и советым и 36-нэ сессием Сосналы Анатолэ Аслъэмбэч и къуэм «Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэм щІыхь зиІэ и цІыху» цІэр къыщІэфІащащ. ЩІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн абыкІэ тхылъыр Сосналым иритыжащ.**

«БАХЪСЭН муниципальнэ щІыналъэм ЩІыхь зиІэ и цІыху» цІэр фащ щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хузэщІащхэм, куейм и цІэмрэ и пщІэмрэ Урысей Федерацэми, нэгъуэщІ щІыпІэхэми щызыхъумахэм.

Сосналы Анатолэ 1945 гъэм къалъхуащ. 1963 гъэм курыт школыр фы дыдэу кІуиуха ноужь, КъБК'ЫУ-м и «Машинэуухуэ технологие» къудамэм щІэтІысхащ, Налшык машинэуухуэ заводым лэжьэн щыщІидзащ. 1964 гъэм и дыгъэгъазэм щегъэжьауэ 1967 гъэ пщІондэ, советыдзэ гупым хэту, Германием кълыкъуэщІащ, абы КПСС-м щыхэзгъэкІащ, «Хэку зэушхуэм дызэрыщытекІуэрэ илъэс 20 ирокъу» медалыр къыщратащ. Къигъэзэжу КъБКъУ-р къиухыжа ноужь, илъэситхум щІигъукІэ «Лимб» заводым и ОТК-м и унафэщІу лэжьащ, илъэсищкІэ предприятэм и пэщІадзэ парт организацэм и секретару хахащ. 1976 гъэм Къызбрун чырбыш заводым инженер нэхъыщхьэу кІуащ, 1979 гъэм Бахъсэн чырбыш заводым и унафэщІу ягъэуващ. ПІалъэ кІэщІым къриубыдэу зэпымыууэ зи кьалэным пэлъэщ гуп зэкъуэт къызэригъэпэщыну, уеблэмэ УФ-м ПромышленностымкІэ и министерствэм и предприятэхэм я зэхьэзэхуэм щытекІуэну хуэзэфІэкІащ.

Сосналы Анатолэ щІыналъэм и жылагъуэ гъащІэм жьыджру хэтащ. Илъэс 30-м щІигъукІэ Бахъсэн кьалэ, щІыналъэ советхэм я депутату хахащ. Лэжьыгъэм и ветеранщ, Псыкіэху къуажэм пщІэ щызиІэ цІыхущ, КъБР-м и Парламентым и ФІыщІэ тхылъ къыхуагъэфэщащ, «КъБР-м щыхьэзиІэ и уху кІуэ», «УФ-м и топ-менеджер-2006» цІэхэр кьыфІащащ.

Абы и кандидатурэр сессием къыщыхихььэм, советым и унафэщІым и къуэдзэ Іэкъуэбэч Анзор къыхигъэщащ: «ИпэжьыпІэкІэ Сосналы Анатолэ Бахъсэн муниципальнэ щІыналъэр зэрыгушхуэ щІыкпъэу зэрыщытым шэч къытесхьэрэкым».

**ЧЫЛАР Аринэ,**
*Бахъсэн щІыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущіапіэм и унафэщІ.*

● Прохладнэ щІыналъэ

# Зэманым декІуу зеужь

**Прохладнэ дэт «Кавказкабель» ТМ» ЗАО-р ящыщщ зэманым декІуу зызыужь Іуэхущіапіэхэм.**

ИПЪЭС 50 зи ныбжь Іуэхущіапіэр хагъэхьащ Москва дэт «ГъущІ лІэужьыгъуэхэм я технологие» къэрал компанием. Абы и фІыгъэкІэ заводым Іэмал игъуэтащ игъэхьэзыр кабелхэмрэ гъущІ кІапсэ лІэужьыгъуэхэмрэ нэхъри къахигъэхьуну. Іуэхущіапіэм пкъыгъуэу къыщІигъэкІыр сертификатхэмкІэ щІэгъэбыдащ, ГОСТ мардэхэми тетщ.

Заводым щащІ ток кІапсэхэр къаІэ щымыІэу къыщагъэсэбэп электрокъарукІэ лажьэ машинэ псоми икІи Кавказ щІыналъэм апхуэдэ зыщІу итыр мыбы и закъуэщ.

Дунейпсо щапхъэ нэхъыфІхэм тету къыщІагъэкІ жэз, бзэкъ кІапсэхэр шынагъэншэщ, быдэщ. Ахэр щащІкІэ къагъэсэбэп Іуэхум елэжь щІэныгъэлІхэм я иужьрей къэхутэныгъэхэр: абдж лІэужьыгъуэхэм къыхэш Іуданэхэр. Ар тІууэ зэтелъу кІапсэхэм кърашэкІ, токым сыт хуэдэ къару имыІэми, шынагъэншэу щытын хуэдэу. Мыбы къыщыщІагъэкІыр яшэ Москва, Санкт-Петербург, Воронеж, Краснодар, Пермь, Саратов, Тулэ, Вологдэ, Псыхуабэ къалэхэм, нэгъуэщІхэми.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Ди хьэщІэщым

# ЩАУЕЙ Мидэ: Зауэм и бынхэри гулъытэ хуэныкъуэщ

**Фашист зэрыпхъуакІуэхэм зи сабиигъуэр нэщхъеягъуэрэ гуныкъуэгъуэкІэ ягъэнщІа ди лъахэгъуэхэм я нэгу щІагъэкІамрэ я фэм дагъэхуамрэ къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Аэрри ящыщщ зауаем зи гум дыркъуэ тридза цІыхубэм. Ар къалъытэри, гулъытэ хуэныкъуэ дадэхэмрэ нанэхэмрэ папщІэ ди къэралым къыщыІэзэрагъэпэщащ «Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгуэныкъуэгъуэр. Абы и Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ къудамэм и унафэщІ Щауей Мидэ «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым къедгъэблэгъащ зэгуэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэмрэ зэфІигъэкІ Іуэхуэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьыну.**

- «Зауэм и бынхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм щІынальэ къэсІуэхущІапІэ къыщыхуэзэІутхауэ мэлажьэ. Къэбгъэльагъуэмэ, 1928 гъэм мэкъуаугъуэм и 22-м къыщыщІэдзауэ 1945 гъэм и фокІадэ пщІондэ къалъхуахэр зи сабиигъуэр зауэм хиубыдауэ ябж. Дуней псор къапщтэмэ, къэрал 8 щыІэщ зауэм и бынхэм пщІэ хэха щыхуащІу, хуэгъэкІуатэ яІэу. Ди къэралми зауэшхуэ щекІуэкІащ, цІыхуу исми а гуауэр ягъэзащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а хабзэр къащтакъым. Иджы дэ зи яужь дитыр зауэм и бынхэм щхьэхуэу къэралым закъыщІагъэкъуэн щхьэкІэ УФ-м и Къэрал Думэм закон гуэр къедгъэщтэну аращи, Урысейм и хэгъуэгу псори абы долажь.

Къапщтэмэ, Урысейм зэхъуэкІыныгъэхэр щыщекІуэкІа зэман льандэрэ а цІыху гупышхуэм зы гулъытэ хуащІакъым. Зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэм ящыщу ди республикэм цІыху мин 60 исщ. Аэхэр пенсэ ныбжьым щынэсым къэрал къутэжьигъуэр ирихьэлІэри, я Іуэхур зэхъэзэрыхьащ. Иджыпсту абыхэм пенсэу къахьыр нэхъ мащІэ дыдэращ - сом мини 5 - 7-щ. Мис абы хагъэхъуэным епхаяу федеральнэ хабзэм и проект дубзыхуаяу, пхагъэкІыну долъАІуэ. Абы къыщыхьащ ди нэІэ щІэт щІыхуэхэм я пенсэхэм къыщІагъуну, жылагъуэ транспортымкІэ зекІуэну, бын зимыІэхэр жьы хъуахэр щапІыж унэм кІуэн хуей хъумэ, гугъуехь хамыгъэтыну, нэгъуэщІхэри. Зи гугъу сщІыхэр илъэсищ хъуауэ КПРФ-м къыхилъхьэ Іуэхущ. КъБР-м и Парламентым Къэрал Думэм зыхуигъэзащ зауэм и бынхэм ятеухуа хабзэм и проектыр пхагъэкІыну. Дэ дыхуейкъым КъБР-м и Парламентым и закъуэ апхуэдэ унафэ къедгъэщтэну, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, къыдгуроІуэ ди республикэм абы тригъэкІуэдэн ахъшэ зэримыІэр. Мы Іэхур зыхуей щыхуэзэнур ди къэрал псом ар унафэ щыхъумэщ. Си дежь цІыху къэд къокІуэ Урысейм и хэгъуэгу гуэрхэм зауэм и бынхэм хуэгъэкІуатэ зэрыщІэр жаІэу. Сэ абыхэм жэуапу язот ди республикэм и экономикэр абы зэрыпэмыльэщыр.

ТекІуэныгъэм и махуэшхуэм ирихьэлІэу лэжьыгъэ къэд щекІуэкІащ ди лъахэм, ветеранхэм гулъытэщхуэ хуащІащ. Зауэм къикІыжам гулъытэ зуэщІу, къэмыкІуэжам и унагъуэм къыщыхъуа тхьэмыщкІэхэр, гугъуехьыр ятелъу зауэ зэманым псэуахэр, зауэ нэужь лъэхъэнэр къыззыпынэкІахэр къыпфІэмыІуэхуныр къезэгъыркъым. Аратти, «Зауэм и бын» жиІэу тетхауэ медаль едгъэщІри, цІыху 40-м еттащ. МузыкэмкІэ театрым ди нэхъыжьхэр щызэхуэтшэсри, пшыхь дахэ едгъэкІуэскІащ. Абыкіэ къыддэІэпыкъуащ ди Парламентым коммунистхэм щаІэ фракцэр.

Ди зэгухьэныгъэр жьыдэжру ядолажьэ школхэм. Ди къуажэ, кьалэ школхэм ирагъэблагъэ зауэм зи сабиигъуэр хиубыдахэр. Нэхъыжьхэмрэ нэхъыщІэхэмрэ зэрызэпсалъэм, сэ къызэрысщыхьумкІэ, ныбжьыщІэхэр куэдым хуигъэІуэщынущ, нэхъ гупЦІанэ, набдзэгубдзапльэ ищІынущ. Мис ар къэтлъытауэ, нэхъыжьхэм къаІуэтэжахэм ягъкъ иткІэ, цІыкІухэм сочиненнэхэр ятх, зэпеуэхэм хэтщ. «Фэеплъ зэпэдзыжщ» а проектым зэреджэр, ар хуабжьу ягу ирохь школым щылажьэхэми еджакІуэхэми. Апхуэдэ гулъытэ нэхъыжьхэм яхуэдмыщІыжьынкІэ Іэмал иІэжьым. Аэхэр я къару емыблэжу хэти шыгухуу колхозым щылэжьащ, хэти кІэнаеу къитІащ, заводжэм Іуэху щащІащ. Зи адэр зыщьхьщымытыж сабиигъэр лэжьыгъэ хьэлъэм щІэх балигъ ищІат.

**- Апхуэдэхэм гулъытэ яхуэфащІын, пшыхь яхуэзэхэфын папщІэ къэралым ахъшэ къывитыркъым. Хэт дэІэпыкъуэгъу къыфхуэхъуэрэ?**

- Зи гугъу сщІы концертым уасэ гуэр хуэдгъэуват, псалъэм папщІэ. УнагъэкІэ зэщІыгъуу къэкІуащ абы цІыхуэхэр. Школхэм егъэджакІуэхэр, еджакІуэхэр къикІащ.

ЦІыху мин 11 къызэщІеубыдэ ди зэгухьэныгъэм. Псапэм, гуапагъэм телажьэ цІыху, быным, мылъку къэзылъхьэхьэхэм ящымыщу, лэжьэкІэ, цІыху бгъэдыхьэкІэ зыщІэ защІэщ щІынальэхэм къыщыддэІэпыкъур. Абыхэм зыкъытщІагъакъуэ. Иджыпсту Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэгъуэлІыгъуэ щащІын папщІэ унэшхуэхэр къыщызэІуах. Апхуэдэ хьэрычэтыщІэхэм захуэзэгъэзэнт цІыху 50 хуэдизирагъэблагъэу шей Іэнэ къыхуагъэуву, лІыжь-фызыжьхэр, зауэм и бынхэр щагъэгушхуэн пшыхь гуэр къыхуэзрагъэпэщыну. Щэч къытекъуэркъым апхуэдэ куэд къызэрыкъуэкІынум.

КъищынэмыщІауэ, ди жылагъуэ зэгухьэныгъэм пщІэншэу къыддэлэжьэну хуейхэр (зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъуахэм деж щегъэжьауэ) къакІуэ хъунущ. Зауэм и бынхэм яхэтщ къакІэлъыплъын зимыІэ, щІакхъуэ къудей къахуэзыщэхун зымыгъуэт.

**- Езы зэгухьэныгъэр къызэгъэпэща щыхуэмыгъакІэ, пъэкІыныгъэ гуэри иІэнщ зэман дызыхуэкІуэм. Хэт зи жэрдэмыр ди республикэм апхуэдэ зэгухьэныгъэ къыщызэгъэпэщыныр?**

- Мы Іэхур япэу къезыхьэжьар КъБКъУ-м и библиотекэм и унафэщІ Уанащ Іэ Роззщ, абы и адэр зауэм хэкІуэдащ. ЦІыхуи 150-м я щІэ-унэщІэр иту Роззэ тхьыль къызитащ. ЩІынальэхэм дыпсалъэри, Темрокъуэ Таисэрэ сэрэ щІэх дыдэу зэхуэтхьэсащ зи адэр зауэм хэкІуэдахэм я щІэхэр. ЦІыхуэхэр къэпсалъэурэ зрагъэтхырт. Ар зэфІэкІа нэужь, 2012 гъэм и мазаем Коммунистхэм я комитет нэхъыщхьэм съездэ екІуэкІащ УФ-м и щІынальэ 68-м я лІыкІуэхэр хэту, абы щыгуэм Уставри къащтащ. Абы лъандэрэ долажь.

БлэкІа илъэсым мыри ІуэхуфІу тщІащ. Зауэм и бынхэм ятеухуауэ зетхьэхэр нэхъ белджылы хъун папщІэ, цІыхуэхэм къащІэн щхьэкІэ, КъБР-м и Парламентым хэт Коммунист фракцэм и Іэтащхьэ Пащты Борис къыддэІэпыкъури, хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я деж зэпеуэ щедгъэкІуэкІащ. Аэхр дахэу тетхьыхащ ди Іуэхум икІи текІуэхэм щІыхь тхьылъэр ахъшэ саугъэтэрэ етащ. Абы мыхьэнэщхуэ иІэт езы зауэм и бынхэм я дежкІэ, апхуэдэуи унафэщІхэм мы Іуэхум гулъытэ къыхуащІынымкІэ Іэмалыфіт. Догугъэ ди нэхъыжьхэм ятеухуа мы Іуэхур кІуэтэну.

*Епсэлъар*
**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● Ди сурэт гъэІылъыгъэхэр

**Жэназыщ**І. *Осетие, 1930 гъэ*

**Дунейм ехыжам и бгъэгум гын щагъэ**с. *Осетие, 1920 гъэ*
*Сурэтхэр* **Тыгъуэн Мухьэдин** *ищІащ.*

## Правоохранительными органами Кабардино-Балкарской Республики за совершение убийств, посягательств на жизнь сотрудников правоохранительных органов и военнослужащих, совершение иных тяжких и особо тяжких преступлений разыскивается 34 жителя КБР, находящихся в международном и федеральном розыске

### УМВД РФ ПО Г. НАЛЬЧИКУ

**Джангуразов Хаким Муратович**, 20.12.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Хасанья, пер. Майский, 13.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УМВД России по г. Нальчику.

РД №01/9-06 (по ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)

**Кушхов Мурат Башарович**, 17.04.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, п. Кенже, ул. Катханова, 66.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор – УМВД России по г. Нальчику.

РД №01/5-07 (ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)



**Техажев Залимхан Мухамедович**, 4.10.1981 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Гагарина, 170/127.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УМВД России по г. Нальчику.

РД № 30/26-06 (ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)

**Мурзабеков Заурбек Мухамедович**, 7.08.1977 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Кирова, 331, кор. 13, кв. 38.

В федеральном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОП № 1 УМВД России по г. Нальчику.

РД №02/10-99 (ст. 317 УК РФ)



**Абидов Замир Амдулахович**, 27.08.1972 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Шалушкинская, 1, общ.

В федеральном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УМВД России по г. Нальчику.

РД №28/89-08 (стст. 222, ч. 2, 317 УК РФ, УД №71/37-08)



**Сижажев Ахмед Олегович**, 10.04.1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Карашаева, 102 «А».

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УМВД России по г. Нальчику.

РД №28/28-09 (стст. 317, 105 УК РФ, УД №71/12-09)

**Шебзухов Залим Борисович**, 6.10.1986 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Нальчик, ул. Ватутина, 33, кв. 19.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – УМВД РФ по г. Нальчику.

РД №80/12-14 от 19.03.2014 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №74-02-10)

**Табухов Иноят Усманович**, 20.10.1988 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Московская, 3, кв. 114.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – УМВД РФ по г. Нальчику.

РД № 8 1 / 2 5 - 1 2 от 18.12.2012 (стст. 222 ч. 2, 105 ч. 2 УК РФ, УД №71/231-12)

**Шогенов Мурат Анатольевич**, 11.05.1984 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Ингушская, 9 «А», кв. 4.

В федеральном розыске, инициатор – УМВД РФ по г. Нальчику.

РД №82/19-13 от 3.10.13 УД №70/56-13, от 28.08.13 по ч.2 ст.208, ч.3 ст.222



**Занкишиев Роберт Владимирович**, 6.06.1988 г.р., зарегистрирован по адресу: г.Нальчик, ул. Ингушская, 25 «А», кв. 69.

В федеральном розыске, мера пресечения не избиралась, инициатор розыска – УМВД РФ по г. Нальчику.

РД №82/20-13 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №70/56-13)

### МО МВД РОССИИ «БАКСАНСКИЙ»

**Шогенов Хадис Борисович**, 14.11.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, г. Чегем, ул. Октябрьская, 204.

В федеральном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УМВД России по г. Нальчику.

РД №57/99 (ст. 318 УК РФ, УД №21/221-99)

**Касаев Артур Мухамедович**, 28.04.1975 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, Кызбурун III, ул. Кирпичная, 79.

В федеральном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – МО МВД России «Баксанский».

РД №55/84-99 (ст. 317 УК РФ, УД №4/46-99)



**Шериев Астемир Асланович**, 11.06.1991 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул.Ногмова, 50.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – МО МВД России «Баксанский».

РД №15/15-13 (стст. 222, 162, 317, 167 УК РФ, УД №73/37-13)

**Ныров Вячеслав Леонидович**, 6.11.1982 г.р., зарегистрирован по адресу: г. Баксан, ул. Ломоносова, 63.

В федеральном розыске, мера пресечения не избиралась, инициатор розыска – МО МВД России «Баксанский».

РД №5/25-13 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №5/217-13)

**Цагов Анзор Султанович**, 7.09.1971 г.р., КБР, с. Дугуулыбгей, ул. Баксанская, 17.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – МО МВД России «Баксанский».

РД №55/17-09 (ст.180 ч.1 УД 55/88-09)

### ОМВД РОССИИ ПО ЭЛЬБРУССКОМУ РАЙОНУ

**Беккаев Аслан Назирович**, 31.05.1971 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, 1, кв. 25.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Эльбрусскому району.

РД №4209 (ст. 205 УК РФ, УД-91169)

**Атмурзаев Буэджигит Хасанович**, 25.06.1979 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, с. Кёнделен, ул. Бешлокова, 10.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – ОМВД России по Эльбрусскому району.

РД №13/1-08 (ст. 208 ч. 1,2 УК РФ, УД 70/44-07)

**Беккаев Руслан Назирович**, 9.02.1967 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Эльбрусский район, п. Эльбрус, 1, кв. 25.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Эльбрусскому району.

РД №14/2003 (ст. 286 ч. 2 УК РФ, УД 25/6-2003)

### УФСБ РОССИИ ПО КБР

**Шекихачев Тимур Анатольевич**, 19.08.1972 г.р., КБР, с. Дейское, ул. Мальбахова, 135, кв. 3.

В федеральном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – УФСБ России по КБР.

РД №19/07-11 (ст. 208 ч. 2, 222 ч. 2 УК РФ, УД №3715-05).

**Кавдинов Рафаэль Анатольевич**, 29.10.1980 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, с. Терекское, ул. М.Терек, б/н.

В федеральном розыске, без меры пресечения, инициатор розыска – УФСБ РФ по КБР.

РД №121-06 (ст. ст. 208 ч. 2, 222 ч. 2 УК РФ, УД №3715-05).

### ОМВД РОССИИ ПО ЗОЛЬСКОМУ РАЙОНУ

**Озов Музарин Аликович**, 15.04.1982 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Баксан, ул. Дымова, 23.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

РД №72-11 (стст. 317, 222 ч. 2 УК РФ, УД №72/13-11)

**Мидов Рустам Бесланович**, 28.01.1984 г.р., зарегистрирован: п. Залукокоаже, ул. Калмыкова, 5.

В федеральном розыске, мера пресечения – подписка о невыезде, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

РД №97/10-14 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №7/58-14)

**Бжахов Кантемир Мугадович**, 10.02.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Зольский район, с. Залукокоаже, ул. Ногмова, 11.

Международный розыск, Р/Д №97/6-14 от 10.01.2014 г. по у/г №72/151-13 (по ст. 222 УК РФ), мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

**Загаштоков Замир Мухадинович**, 20.10.1990 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Зольский район, с. Малка, ул. Батырова, 9.

Международный розыск, Р/Д №97/2-14 от 10.01.2014 г. по у/г №72/145-13 (по ст. 222 УК РФ), мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

**Шогенов Рустам Гисович**, 24.05.1990 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Зольский район, с. Светловодское, ул. Октябрьская, 93.

Международный розыск, Р/Д №97/3-14 от 10.01.2014 г. по у/г №72/146-13 (по ст. 222 УК РФ), мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

**Кипов Артур Хизирович**, 28.11.1991 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Зольский район, с. Малка, ул. Кипова,18.

Международный розыск, Р/Д №97/3-14 от 10.01.2014 г. по у/г №72/153-13 (по ст. 222 УК РФ), мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

**Оршокдугов Азамат Гисович**, 30.04.1990 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Зольский район, с. Малка, ул. Ворокова, 16.

Международный розыск, Р/Д №97/4-14 от 10.01.2014 г. по у/г №72/152-13 (по ст. 222 УК РФ), мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Зольскому району.

### ОМВД РОССИИ ПО ТЕРСКОМУ РАЙОНУ



**Абаноков Ислам Борисович**, 27.05.1988 г.р., зарегистрирован по адресу: с. Арик, переулок Мостовой, 20.

В федеральном розыске, инициатор розыска – ОМВД России по Терскому району. Мера пресечения – подписка о невыезде. РД №9/12-14 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №9/189-14).

### МО МВД РОССИИ «ПРОХЛАДНЕНСКИЙ»

**Газаев Роман Владимирович**, 24.07.1983 г.р., зарегистрирован по адресу: Прохладненский район, с. Благовещенское, ул. Ленина, 76.

В международном розыске, инициатор розыска – МО МВД России «Прохладненский». Мера пресечения – арест.

РД №3/34-14 (ст. 208 ч. 2 УК РФ, УД №73/92-14

### ОМВД РОССИИ ПО ЛЕСКЕНСКОМУ РАЙОНУ



**Бабочиев Игорь Казбекович**, 2.01.1973 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, г. Нальчик, ул. Северная, 18/58.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Лескенскому району.

РД №39/3-05 (ст. 166 ч. 2 УД 39/63-2004)

### ОМВД РОССИИ ПО ЧЕГЕМСКОМУ РАЙОНУ

**Жанимов Алим Хасанбиевич**, 1.02.1978 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Баксанский район, с. Кызбурун III, ул. Пушкина, 7, проживал по адресу: КБР, Чегемский район, с. Нартан, ул. Клишбиевская, 30.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/10-06 (ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)

**Жириков Аслан Аниуарович**, 13.12.1976 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/14-06 (ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)

**Жириков Арсен Аниуарович**, 15.09.1974 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Шалушка, ул. Северная, 76, кв. 130.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Чегемскому району.

РД №17/6-07 (ст. 205 УК РФ, УД №25/78-05)

**Биттиров Эльбрус Хизирович**, 15.08.1970 г.р., зарегистрирован по адресу: КБР, Чегемский район, с. Чегем II, ул. Степная, 47.

В международном розыске, мера пресечения – арест, инициатор розыска – ОМВД России по Чегемскому району.

РД-4210 (ст. 205 УК РФ, УД №91169)

## УВАЖАЕМЫЕ ЖИТЕЛИ РЕСПУБЛИКИ!

**Если вы располагаете информацией о местонахождении указанных лиц, совершённых или готовящихся преступлениях, просьба на условиях строгой конфиденциальности звонить по следующим телефонам дежурной части МВД по КБР: 40-49-10; 49-53-02, Управление уголовного розыска МВД по КБР: 47-65-82; 49-52-62; 49-51-32; 49-50-06. Полная анонимность гарантируется.**

# Хьэрэкхъуэрэ - Шэтхъурей - Джэдмышх - Іуащхьэмахуэ

**«Къэбэрдей-Балъкъэрыр щІыналъэ телъыджэщ» шууей-альпинист зекІуэм и кІэух Іыхьэр Іуащхьэмахуэ и ищхъэрэ бгъуэщІым щекІуэкІащ. Абдеж нэса нэужь къэувыІа шууейхэм я гъэзгум альпинистхэм пащащ. Абыхэм къапэщытт Іуащхьэмахуэ и щыгум драхьейуэ зекІуэр зытраухуа Урыс географие зэгухьэныгъэм и ныпыр къухьэпІэ щыгум щыфІадзэну.**

ЩІАЛИТІ и гъусэу гъуэгу теуващ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм Іэджэрэ дэкІа икІи Урысейм и КъалэлІыхъужьу, Зауэлі щыхьым и къалэу 40-м я ныпхэр абы щызыгъэува Шыбзыхъуэ Къазбэч. Иджы ар Іуащхьэмахуэ зэрыдэкІыр тІощІрэ блырэ ирикъурт икІи ар адрей псоми нэхърэ нэхъ гугъуу къыщІэкІащ. ЛъагапІи тІыр зэпызыщІэ шытхым альпинистхэр щынэсам, уафэр гъуагъуэрт, щыблэр уэрт, уэшхуэ къехырт, жьыри апхуэдизкІэ лъэщти, урихьжьэным хуэдэт. Щалэхэр здэкІуэм пшагъуэшхуэ къытрихьащ икІи абы гъуэгуанэр нэхъри нэхъ гугъу ищІащ. Дауэ мыхъуми, альпинистхэр щыгум нэсащ, ауэ абдеж Къазбэч щыблэ къытехуащ. Ар пліэидзэм къипІиикІ гъущІ башым техуащ, адэкІэ альпинистым иІыгъ башым еуэри, щым хыхьэжащ. Къазбэч и насыпыр къикІауэ жьІпІэ хъунущ - абы зыщІигъакъуэ башыр игъэтІылъыну и Іэр ишия къудейт. Ар игъэтІылъамэ, шэч хэльтэкъым щІалэр щыблэм зэриукІынум.

Абы иужькІэ Къазбэч сыхьэтиплІым нэблагъэкІэ хэлъащ, итІанэщ и лъэр хуиту къыщІэувэжу къыщежьэжьыфар. Бгым къехьжа нэужь, абы Урыс географие зэгухьэныгъэм и лІыкІуэм иритыжащ а зэгухьэны- гъэм и ныпымрэ «Урысей зэкъуэт» партым и ныпымрэ.

Мыпхуэдизэ гугъуехьэхэр къызэранэкІащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэр ягъэІун, ар зыгъэпсэхупІэ хьэлэмэту зэрыщытыр, щІыпІэ телъыджэхэр зэрыщыІэр хэІущІыІу ящІын папщІэ. Аращ километр 200 зи кІыхьагъ гъуэгуанэр щабзыхум япэ дыдэу къалъытар. ЗекІуэм хэтахэм я гъэзыгуанэм хиубыдащ метр 80 зи куугъ бгъуэнщІагъым къыщагъуэта Хьэрэкхъуэрэ щыгур, Къармэхьблэ къуажэм пэмыжьжьэу щыІэ, «Земля Санникова» фильмыр щытрахауэ щыта гуэлпр, Джэдмышх псыкъелъэр, щыпІэ щІэрыІуэ куэд здэщыІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ и ищхъэрэ бгъуэщІыр.

ЗекІуэр къызэригъэпэщащ Урыс географие зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм.

**КОТЛЯРОВ Виктор.**

● Хъуэхъуэр

***Налшык къалэ щыпсэу БищІо Сослъэнбэч Аслъэнбэч и къуэм и ныбжьыр илъэси 6, Лэскэн районым хыхьэ Хьэтуей къуажэм щыщ Къанло Алинэ Артур и пхъум и ныбжьыр илъэси 10 ирокъу***

Фи узыншагъэр быдэу, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэкІэ гъэнщІа сабиигъуэ фиІэу, фи уафэр къащхьуэрэ щыІыпэр щхъуантІэу, фи адэ-анэр, фыкъызыхэкІа лъэпкъыр фэркІэ гушхуэу, фІыгъуэм фыхэмыкІыу гъащІэ дахэ Тхьэм къыфхуэзэпищэну дыныбохъуэхъу.

*Фи анэшхуэ Къанло Замирэ, фи благъэ-Іыхьлыхэр.*

# «Кхъужьей хадэм» гукъинэжу зыщагъэпсэху

**Зи узыншагъэм кІэлъызыгъэплъыну гукъыдэж зиІэхэм щхьэкІэ ди республикэм щыкуэдщ зыгъэпсэхупІэхэр. Щыхуэхэм нэхъ ягу дыхьэхэм ящыщщ Налшык дэт «Кхъужьей хадэ» санаторэр.**

АБы яфІэфІу йокІуалІэ сабийхэри балигъхэри. ЗыгъэпсэхупІэм и унафэщІ Щыхъалы Валерэ санаторэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу къызэрегъэпэщ, къэралым къигъэув хабзэхэм тету. Ар къабзэу зэрахьэ, щІыхухэм я шынагъэншагъэм щыхуосакъ, къэуат зыщІэлъ ерыскъы хэпльыхьажэмкІэ ягъашхэ, медицинэ Іуэхутхьэбзэ хуэныкъуэхэми и чэзум щагъуэт.

- Ди деж къакІуэхэм я щыгъэпсэхугъуэ махуэхэр гукъинэж зэращытщыным дыхущІокъу, къыкІэлъыкІуэ илъэсхэми къытрагъэзэн хуэдэу, - жеІэ санаторэм екІуалІэхэм я Іуэхур зезыгъакІуэ къудамэм и унафэщІ ЖьакІэмыхъу Альбинэ. - Сабийхэми балигъхэми я узыншагъэм зэрыщыкІэ-льагъэплъым и мызакъуэу, абыхэм я нэгу зрагъэужь, ди щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь. Санаторэм щылажьхэм яхуэфащэн щІэныгъэ яІэщ, дагъуэншэу я Іэнатіэр ирахьэкІ. Абыхэм яхэтщ КъБКъУ-м и 3 - 5-нэ курсхэм щІэс студент нэхъ жыдэрэхэри. Ахэр къекІуалІэхэм яхуэщадэу, хабзэ, нэмыс кІэлъыэзрахьэу апхуэдэщ.

ЗыгъэпсэхупІэм къакІуэ балигъхэм я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ хущхьуэ зыхэль ятІэхэм, псы пщтырхэм хагъэхьэ, зэрагъэбауэ Іэмалхэмкіэ, физио процедурэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ йоІэзэ, я Іэпкъльэпкъхэр хуашытІэ, дохутырхэм я чэнджэщхэм щІагъэдэІу. Мыбы зыщІбгъэпсэхуным зы жэщ-махуэм сом 1550-м щыщІэдзауэ 2100-м нэс хуоэз, льготэ зиІэхэм зэрызагъэпсэху тхылъым и уасэщ жэщ-махуэм хуэзэу сом 1028-рэ.

Къэрал Іуэхущ Іапі э щылажьэ адэ-анэхэм Іэмал яІэщ льготэ тхылъкІэ я сабийхэм махуэ 21-кІэ зрагъэгъэпсэхуну икІи абыхэм ягу ирихьу «Кхъужьей хадэм» ягъакІуэ. Я ныбжьым теухуауэ щыкІуэкІ гуп-гупу ягуэш. Абыхэм парк хэм, зооперкхэм, кинотеатрхэм, ди щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэм зыщрагъэплъыхь, джэгу,-къафэ, спорт зэхьэзэхуэхэм хагъэт. Ахэр сыт щыгъуи я нэІэм щІэтщ гъэсакІуэхэм.

ЩІыхухэм я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр щІэщыгъуэу ягъэкІуэным мыхьэнэщхуэ ират абы щыпажьэхэм. Абы и щыхьэтщ мы санаторэм зыщызыгъэпсэхухэм хужаІэ псалъэ гуапэхэр.

**ТАБЫІЩ Динарэ.**

# Чемпионыгъэм щІэбэнынухэр къыхощхьэхукІ

● Футбол

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2015 гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и епщыкІубланэ джэгуГуэр щызэхэтащ. Зэпеуэм пашэныгъэр щызыІыгъэр абыи бжыгъэшхуэкІэ щытекІуащ икІи нэрылъагъу ящІащ ахэр чемпионыгъэм ерыщу зэрыщІэбэнынур.**

«КЪЭХЪУНЫМ» Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыщІэхьэщІакъым. Абы и гуащхьауэ нэхъыфІ Шащіэ Беслъэн хэгъэрейхэм я гъуэм топих (!) дигъэкІри, и командэм и пашэныгъэри езым и щхьэзакъуэ бжьыпэри игъэбыдащ. Абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэ Хьэбылэ Алим Шэджэм Етіуанэ къызэрыщыхэжаныкІар хуэдиткІэ нэхъ мащІэщ. Иджы «Къэхъуным» и гуащхьауэр аргуэру топищкІэ щхьэщыкІащ «Автозапчасть»-м и пашэм.

И стадионым бжыгъэшхуэкІэ щытекІуащ «ЛогоВАЗ»-ри. Абы хигъэщІащ Налшык икІа «Союз»-р.

Турнир таблицэм и лъабжьэми зэрызехьэшхуэ щокІуэкІ. Псыгуэнсу щытекІуа «Родник»-р хуэм-хуэмурэ щытыкІэ гугъум къокІ. Зитыну и мурадкъым республикэм и нэгъабэрей чемпион «Кэнжэр» иужьу хэзыгъэщІа «Щтаучмиі».

ЩыгъуазэфыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм и иужьу ирагъэкІуэкІа джэгугъуэм кърикІуа бжыгъэхэм: **«Шэджэм-2»** (Шэджэм Етіуанэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:8**, «**Щтауч**» (Шэджэм) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **2:0**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) -**«Союз»** (Налшык) - **3:0**, **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **1:6**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:3**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **1:1**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **0:2**. **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Тэрч»** (Тэрч) зэІуцІэр нэхъ иужьыІуэкІэ зэхэтынущ.

НыбжьыщІэхэм я зэпеуэм Нарткъалэ и «Нартыр» щыпашэщ. Ар очкоибгъукІэ епэ ищащ къыкІэтыкІуэу щыт «Щтаучым».

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

***Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФІ. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. **«Къэхъун»** | 17 | 14 | 3 | 0 | 75-15 | 45 |
| 2. **«ЛогоВАЗ»** | 17 | 13 | 4 | 0 | 67-25 | 43 |
| 3. **«Автозапчасть»** | 17 | 13 | 3 | 1 | 79-22 | 42 |
| 4. «Кэнжэ» | 17 | 10 | 2 | 5 | 43-29 | 32 |
| 5. «Союз» | 17 | 9 | 1 | 7 | 45-37 | 28 |
| 6. «Нарт» | 17 | 8 | 2 | 7 | 46-44 | 26 |
| 7. «Бахъсэн» | 17 | 7 | 2 | 8 | 43-59 | 23 |
| 8. «Къэбэрдей» | 16 | 7 | 0 | 9 | 37-48 | 21 |
| 9. «Спартак-Д» | 16 | 6 | 2 | 8 | 23-46 | 20 |
| 10. «Бедик» | 17 | 6 | 2 | 9 | 27-36 | 20 |
| 11. «Велес» | 17 | 6 | 1 | 10 | 35-33 | 19 |
| 12. «Тэрч» | 17 | 5 | 4 | 8 | 36-50 | 19 |
| 13. «Шэджэм-2» | 17 | 4 | 2 | 11 | 25-53 | 14 |
| 14. **«Щтауч»** | 17 | 4 | 1 | 12 | 21-48 | 13 |
| 15. **«Псыгуэнсу»** | 17 | 4 | 0 | 13 | 44-72 | 12 |
| 16. **«Родник»** | 17 | 3 | 3 | 11 | 30-59 | 12 |

● Гъэмахуэ-2015

# Сабийхэмрэ тхылъхэмрэ

**Зи нэм имылъагъуэхэм я республикэ библиотекэм къыщыззрагъэпэщащ «Гъэмахуэ» зыфІаща сабий клуб. Абы къекІуалІэ цыкІуухэм пщІэншэу ядэлэжьэнущ тхылъ хъумапІэм и лэжьакІуэхэу Хьэщхъуэжь Динэрэ Гуо Елизаветэрэ.**

МЫБЫХЭМ къызэрыджаІамкІэ, клубым яфІэфІу къокІуэ зи нэм сэкъат иІэхэм я мызакъуэу, библиотекэм и Іэгъуэблагъэм ит къат куэд хъу унэхэм щыпсэу цыкІуухэри (щІыхуи 10 - 15). Абыхэм сурэт ирагъэщІ, пластилиным ирилажьэу ягъасэ. «Зы сыхьэтым нэбла- гъэкІэ сабийхэм дадолажьэ икІи абы и фІыгъэкІэ хуэмурэ ахэр тхылъ еджэнми дыдогъэхьэх», - жаІэ ГъэсакІуэ ныбжьыщІэхэм. Клубыр гъэмахуэр икІыху лэжьэнущ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, цыкІуухэр Іэпщ Іэлъэпщ Іэным драгъэхьэх, адэ-анэхэми ягу мыныкъуэу гъэсакІуэхэр кІэлъоплъ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Налшык

# Къаплъэн шырищ

**Налшык и зоопаркым ис къаплъэнхэм аргуэру къахохъуэ. Ипэкіэ зи гугъу фхуэтщІауэ щыта Симбэрэ Принцессэрэ мы махуэхэм зэуэ шырищ къащІэхъуащ - Принц. Симэ. Сати. Тхьэмахуэ ІтІкІэ анэм и гуса, итІанэ къыщІача къаплъэн шырхэр узынШэщ, нэжэгужэщ, махуэм плІэнейрэ бжэныш э ирагъафэ, зыхуеину витаминхэри ират.**

ЗООПАРКЫМ щызекІуэ хабзэхэм тету, щІэжьейхэр иджыпсту щхьэхуэу яІыгъщ, узыфэхэм щахъумэн папщІэ. Ди щІыналъэр сыт и лъэныкъуэкІи къаззрезэгъыр нэрылъагъуу, зоопаркым их къаплъэнхэр мэбагъуэ. Псом ящхьэращи, ахэр зыхуеину псомкІи тэмэму къызэгъэпэщащ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

*Сурэтыр* **Толгуров Камал** *трихащ.*

# Лэжьапіэ зытхэм гу зылъатапхъэ

**Квотэхэм тету къызэрагъэпэщ лэжьапІэ Іэнатіэхэм ныкъуэдыкъуэхэмрэ илъэс 14-м щегъэжьауэ илъэс 18-м нэс хъу ныбжьыщІэхэмрэ гъэувыныкІэ лэжьыгъэхэм япкъ иткІэ хъыбар фыдогъащІэ «Лэжьапіэ къэлъыхъуэныкІэ нэхъ гугъу ехь цІыху гуп щхьэхуэхэм хиубыдэхэр ягъэувын папщІэ лэжьапІэ Іэнатіэхэм я квотэхэр убзыхуным и Іуэхукіэ» 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №19-РЗ-м зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыхалъхьамкІэ.**

АБы теухауэ 2015 гъэм мазаем и 26-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №8-РЗ-м къызэригъэувымкІэ, цІыхуи 100 нэхъ рэ мынэхъ мащІэ зыгъэлажьэхэм яІэ лэжьакІуэ псоми я проценти 3 ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу къащтэн хуейщ.

А Закон дыдэм и 4-нэ статьям дыщІагъэ пункт 1-1-м къегъэув цІыху 35-м щегъэжьауэ цІыхуи 100-м нэс зыгъэлажьэхэм а бжыгъэм и проценти 2 ныкъуэдыкъуэхэм ящыщу Іэнатіэкіэ къызэрагъэпэщыну.

*Фыщ Іэупщ Іэ хъунущ 77-41-96 телефонымкІэ.*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщіэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

**Езыгъэтхаэр**

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьэрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ Іапі э-хэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; съыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі э м - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі э м № Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Элэ, редактору Нэщіэпыджэ Замирэ, корректорхэу Щоджэн Инн э** *(1, 4-нэ нат.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нат.). КомпютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1322**